



# Yon deseni nan lidèchip

# Centre Haïtien du Leadership et de l'Excellence





## Tab matyè

Lèt konsèy la ak direktè yo	4
2010 – Orijin CLE	5
2012 – Aktivite Rechèch	8
2013 – Pwogram Devlòpman Lidèchip	10
2014 – Envesti nan pwochen jenerasyon an	12
2015 – Ranfòse Sosyete Sivil Ayisyen an	14
2016 – Angaje Gouvènman Lokal yo pou pwovoke Enpak	16
2017 – Kòmanse yon Mouvman Lidèchip Nasyonal	18
2018 – Chanpyon Lakay	18
2019 – Pwogram Fanm lidè yo	20
2010 pou rive 2019 – Anbrèf	22
2020 pou rive 2030 – Pèspektiv	23
Rapò Finansye	24
Patnè nou yo	25
Konsèy Administrasyon an	26
Staf la	26

## Lèt konsèy la ak direktè yo

Sa gen dis lane, yon katastwòf natirèl te souke Ayiti ak mond lan. Pandan wap li rapò sa a, Ayiti ap fè fas ak yon lòt peryòd enstabilite sosyo-politik ak ekonomik ki difisil. Sitiyasyon sa a afekte travay nou ak tout patnè nou yo. Men nou pwofite moman enpòtan sa a nan listwa Ayiti pou nou refelechi. Se yon opòtinite tou pou nou prepare dis pwochen lane envestisman nan vrè lidè ki gen vizyon, motivasyon ak kapasite transfòme peyi sa a epi kreye Ayiti nou tout ap chèche a.

Depi lè nou t ap demare, nou te rekonèt se paske te gen yon feblès lidèchip, ki fè Ayisyen te manke angajman ak patisipasyon nan repons imanitè ak rekonstriksyon apre tranblemandetè a. Depi lè sa, CLE te rete fèm nan angajman pou l vanse nan misyon pou prepare ak sipòte yon nouvo jenerasyon lidè ayisen.

Li difisil pou nou fè fas ak yon lòt katastwòf lèzòm fè ankò. Nou rekonèt mank lidèchip, se yon defi kwonik nan tout nivo ak nan tout sektè nan peyi a ki ap pran tan pou rezoud. Se pou reponn ak defi sa a menm yo te kreye CLE. Nou itilize resous moun ak patnè ki egziste yo nan peyi a pou bati yon ledèchip Ayisen ki pi djanm. Fòs travay nou sou devlòpman chita nan kreye rezo solid. Li chita tou nan fè pwomosyon kolaborasyon, pou jan bon pratik ak inovasyon pou pwogrè sosyal ak ekonomik an Ayiti.

Pandan n ap regade 10 dènye lane ki sot pase yo, nou jwenn anpil ankourajman nan momenntòm travay sa a bati ane apre ane. Nap viv gwo chanjman ki se rezulta travay lidè toupatou nan peyi a ap fè . Nan memwa moun nou pèdi nan lane 2010 yo, nan solidarite ak jenerasyon sa a ak sa k ap vini yo, nou ap renouvele angajman nou pou nou kontinye travay nan misyon nou an, ki se pote yon transfòmasyon nan lidèchip ki pral gen enpak pozitif nan lavi jèn yo, fanmi yo ak kominate yo tout kote an Ayiti.

Mèsi pou enterè ak sipò nou.



Maryse Pénette-Kedar



Magalie Noel Dresse



Johnny Celestin



Lucía Di Poi

# Kote CLE soti

12 janvye 2010, yon tranblemandetè ki gen mayitid 7.0 sou echèl Richter la te touye plis pase 200,000 Ayisyen, blese plizyè santèn milye lòt epi kite plis pase yon milyon moun san kay pou yo rete. Kou imen trajedi sa a, se tèt chaje. Pèt ekonomik yo menm te monte plizyè milya dola, peyi a te tonbe ajenou.

Sepandan, destriksyon nou te temwen 13 janvye 2010 la pat konsekans tranblemandetè a sèlman. Trajedi sa a, se rezulta plizyè lane neglijans ansanm gouvènman ki te pase yo, kote sèlman sa youn te pi fò pase lòt ladan, se nan fèb nivo lidechip yo ak mank vizyon yo pou peyi a. Endividyalis, koripsyon ak pwofi pèsònèl sou do enterè kolektif la, se karakteristik prensipal lidèchip yo a.

An reyalite, nannan pwoblèm sistemik Ayiti yo chita nan yon gwo enkonpreyansyon sou kisa wòl ak responsablite lidè yo ye nan ranfòse kominate yo ak nasyon an. Sa gen dis lane, solidarite, konpasyon ak jenerozite ayisyen te grandi soti nan pousyè ak debri yo tankou yon bèl flè nan dezè. Nan gwo moman doulè ak nesesite sa a, sitwayen ayisyen yo te mete men, nan fason ki pi kreyatif yo te kapab, epi itilize resous yo te genyen pou ede youn lòt.

Se nan lespri sivik sa a, lidèchip kolektif ki wè ansanm lan, enèji ak momenntòm sa a, CLE t ap chache vini ak yon nouvo modèl lidechip.





Trajeti tèrib sa a te bay yon opòtinite chanjman pou peyi a ak pèp la, yon posibilité pou nou fè bagay yo yon lòt jan.

Se nan konteks sa a yon gwoup Ayisyen ki soti nan zòn ak sektè diferan ak sipò patnè nou Coady Entènasyonal Enstiti ki twouve li nan Invèsite St. Francis Xavier, nan Nova Scotia, peyi Kanada te reyini pou atake pwoblèm lidèchip la. Yo te konprann Ayiti dwe soti nan pwoblèm devlopman ekonomik ak sosyal, koripsyon ak enstabilitè politik lap viv depi lontan an. Yo rekonèt tou, emèjans Ayiti a egzije koutkekout pou redefini lidèchip, pandan yap konsidere prensip patisipasyon sitwayèn, kolaborasyon, otonomi, enklizyon, transparans ak EMPAK.

Vizyon sa a se te, epi ap kontinye rete motivasyon ak rezon prensipal yo te kreye CLE. Yon enstitisyon pèmanan k ap idantifye, fòme, sipòte epi bay vizibilite ak lidè konfime ak lidè k ap grandi nan tout sektè, tout kote nan peyi a.

Tout lidè nou rankontre pandan 10 lane ki sot pase yo, nou pataje listwa yo nan rapò sa a, pataje menm anvi pou koupe fache ak enjistis, ogmante resous ekonomik ak moun Ayiti epi transfòme peyi yo.

*« Nou ta renmen wè emèjans yon nouvo tip lidè, k ap travay pou facilite yon dyalòg nasyonal, kreye yon sèk lidèchip ki pou travay sou fason pou nou rive jwenn yon pak nasyonal, epi devlope yon nouvo kontra sosyal ant sitwayen ak leta. »*

- Maryse Pénette-Kedar, Fondatè CLE



Mwen santi m onore anpil mwen te fè patenarya avèk fondatè ak lidè CLE yo paske yo te devwe ansanm pou kreye epi devlope yon repons pratik ak inovan pou sitiyasyon kritik Ayiti ap viv la. Vizyon yo pou yo travay ansanm ak Ayisyen toupatou pou konstwi modèl sosyete ak nasyon ayisyen vle ak merite a te atire m.

Yo te vle ede bati yon nouvo Ayiti kote lidè yo, nan tout nivo, kondwi tèt yo ak entegrite, ekite, pwofesyonalis. Lidè ki pral travay pou tout Ayisyen gen opòtinite patisipe tout bon vre epi benefisyé devlòpman lokal ak nasyonal la.

Fondatè ak lidè CLE yo te vle Ayisyen yomèt pwòp desten. Yo te vle asire yo Ayisyen gen opòtinite pou dirije epi itilize tout talan ak resous yo nan enterè kominate yo ak peyi a.

Pandan 40 dènye lane yo, mwen travay ak lidè nan dives peyi ak kominate, tout kote nan mond lan. Onètman, mwen pat janm rankontre yon gwooup ki devwe, gen kapasite, gen vizyon, angaje san fatig tankou moun ki te mete men ansanm nan CLE yo. Yo vrèman ap fè yon diferans. Yo ap limen chandèl ak enèji lidèchip pozitif la an Ayiti. Nou ka wè gwo enpak travay sa a sou moun ak kominate nan tout peyi a. Envesti nan moun toujou rapòte pi gwo benefis la pou yon sosyete.

— Mary Coyle

Senatè Nova Scotia nan Palman Kanadyen an  
Ansyen Direktè Coady International Institute, yon patnè fondatè CLE ki baze nan St. Francis Xavier University

## Rechèch Aksyon:

# Chanje pèsepsyon an

Jan otè Nijeryen an, Chimamanda Ngozi Adichie, montre nan TedTalk li: Danje ki genyen nan tande yon sèl istwa" patikilyèman sa ki negatif la, se kliche li kreye a. Li esplike, pwoblèm nan ak kliche yo, se pa paske yo pa vre, men se paske yo pa konplè. Nan ka Ayiti a, istwa yo rakonte yo souvan inyore epi efase siksè lidè lokal yo ki ap travay san pran souf pou transfòme kominote yo.

Moun motive sa yo, ou jwenn yo nan tèt òganizasyon ki gen gwo enpak. Yap travay chak jou, malgre gwo defi, pou prezante lòt solisyon ki mennen nan devlopman dirab, angajman, ak kolaborasyon.

Modèl lidèchip CLE a bati sou eksperyans ak listwa moun sa yo. Travay nou an se idantifye, sipòte epi bay viziblite ak lidè ki ap ankouraje otonomi ak yon sosyete ayisyèn ki plis enklizif.

Nan lane 2012, CLE te lanse yon seri inisyativ rechèch ki vin tounen mak fabrik travay nou. Nou mete pwojektè sou lidè yo nan itilize vidyeo an kreyòl, atik ak piblikasyon. Nou fè ankèt epi prezante solisyon lokal ak inovasyon ki manyen pwoblèm ki pi sistemik ak pwofon yo an Ayiti. Istwa sa yo enspire lòt moun pou yo kwè yo menm tou yo ka pote anpil chanjman nan pwòp kominote yo.

*« Sa k ap fèt la a, se yon chanjman pou ka vin gen plis konsyans. Chanjman peyi a se nan men nou li ye »*

— Magalie Noel Dresse, Fondatè ak Ko-Prezidant CLE

## Redefini enklizyon nan Laviktw

KOREMLL se yon koperativ ki te kreye nan mwa avril 2018 nan Laviktw, yon komin rekile nan depatman Nò peyi Dayiti. Inisyativ sa a se rezulta patisipasyon 30 manm kominote a nan yon pwogram fòmasyon sou devlòpman lidèchip CLE, ki te chita sou kijan kolaborasyon ant sektè yo ka ede nan devlòpman ekonomik kominote a. Nan fòmasyon sa a, patisipan yo te idantifye resous ki genyen nan kominote a, epi analize lajan k ap soti epi antre nan kominote a. Yo te idantifye yon te wè kominote a gen bezwen jwenn lajan prete ak yon enterè ki pa twò wo.

*« Sa ki pi enpresyone m pandan Fòmasyon CLE a se te modil « bokit koule a » ki te montre nou kijan nou ka ekonomize lajan nan diminye depans ki pa nesèsè. »*

— Manm KOREMLL, patisipant pwogram CLE

Yo itilize zouti jesyon finansye ak bidjè yo te wè nan fòmasyon an epi yo mete lajan yo te genyen ansanm pou yo te rive reponn a bezwen sa a.

Rezulta a se te KOREMLL. Yo te kòmanse avèk 32 manm ak yon kapital sosyal 16 000 HTG. An Jiyè 2019, li te gentan gen 113 manm ak yon kapital ki plis pase yon milyon goud. Ak lajan manm yo bay nan epay, KOREMLL te lanse yon magazen kominotè ki vann pwodwi premye nesesite dapre manm yo, magazen an ede redwi risk vòl ak tan pou deplase nan lòt kominote yo al prete lajan. Kèk manm nan kominote a temwaye, KOREMLL ede chanje lavi yo ak biznis yo.



## Pwogram pou developman lidèchip:

# Bay lidè yo zouti ak konesans pou yo fè enpak

Nou kwè pou developman sosyal ak ekonomik ka dirab tout bon, se kominote yo menm ki dwe kòmanse yo epi dirije yo. Se poutèt sa, nan lane 2013, nou te lanse pwogram fòmasyon pou developman lidèchip nou an. Nou te itilize yon metòd edikatif patisipatif ak entèraktif pou bati kapasite lidè yo pou travay nan tèt kole, ekspluate resous komén yo, epi fikse objektif pou transfòmasyon kominotè alontèm. Sesyon sa yo konn fèt sou kèk jou, oubyen antre nan kad yon pwogram pi konplè ki fèt sou tout yon lane.

Pwogram nan te fonde sou apwòch Lidèchip pou Chanjman Sosyal la ak modèl developman Grès kochon Kwit Kochon an (ABCD). ABCD se yon apwòch ki enpòtan anpil paske li chita sou mobilize resous lokal yo kòm baz pou tout travay developman ekonomik ak sosyal ki ap vini apre yo. Anplis, chanjman mantalite sa a, soti nan apwòch bezwen an pou vin nan apwòch resous, ede patisipan yo komanse ak « fwi yo ki pandye yo », sa vle di kòmanse ak sa yo genyen ». Apwòch sa a ankouraje yo pase alaksyon olye yo rete ap fè lis bezwen.



Nou te elaji lis fòmasyon nou ofri yo pou nou kouvri angajman sivik, fòmasyon pwofesyonèl debaz, rezolisyon konfli, gouvènans etik, lidèchip nan òganizasyon, patenarya, antreprenaryak devlopman antrepriz sosyal.

Pou òganizasyon yo, nou devlope materyèl fòmasyon sou lidèchip, gouvènans, ak nan lòt domèn teknik tankou jesyon finansye ak jesyon pwojè.

Prensipal biblik sib nou se jèn yo, fanm yo, lidè nan kominote riral yo ak lavil yo. Nou konnen moun sa yo se resous ki manke ekspluate nou ka sèvi ak yo pou bati yon nouvo Ayiti. Nou konnen tou, tout bagay pap mache memm jan tout kote, se pou sa nou devlope pwogram yo yon fason pou idantifye epi reponn ak kontèks espesifik ak opòtinite chak sektè, gwoup, e menm rejyon yo ap fè fas. Nou vle rankontre lidè kote y ap viv la ak kote y ap travay la, pou ede yo fè yon maksimòm enpak.

# CLE an chif

2011-2019

**2150 lidè 40% fanm**

sètifye nan Pwogram fòmasyon nan lidèchip

**+5500**


Ayisyen patisipe nan tout aktivite pwogram CLE yo

**850**

òganizasyon kominotè voye patisipan  
nan pwogram CLE yo

**38**

bous detid entènasyonal  
pou lidè ayisyen yo





## Pwogram Jenès

# Envesti nan pwochen jenerasyon an

Aviwon 12 milyon, se estimasyon kantite moun k ap viv nan peyi Dayiti, epi plis pase 60% ladan yo gen mwens pase 35 lane. Antanke gwooup, jèn yo majinalize nan sosyete ayisyen an. Jèn yo fè fas ak yon to chomaj ki wo anpil, epi yo manke gen aksè ak konpetans ak resous pou pèmèt yo konstwi pwòp avni yo. Maglre sa, nou konnen jèn yo se resous ki pi enpòtan Ayiti genyen.

Malgre tout obstak jèn yo ap fè fas antanke gwooup, jèn Ayisyen yo dinamik, inovan epi yo debouya. Lè nou konsidere enpòtans yo, nou kwè sipòte jenerasyon sa a se yon envestisman alontèm ki enpòtan epi se yon

*« Nou ka transfòme Ayiti nan yon jenerasyon si nou fè bon envestisman an nan jèn nou yo jodi a »*

— Maryse Pénette-Kedar

pa nan direksyon transfòmasyon nou tout ap chèche a.

Nou kwè, kontinye devlope lidèchip lakay jèn yo, se pi bon fason pou nou pa di se sèl mwayen pou rive nan transfòmasyon sosyal ak ekonomik Ayiti bezwen an. Se poutèt sa, nan lane 2014, nou te lanse Pwogram Nasyonal pou Jèn yo, pou rive idantifye, konekte epi devlope lidèchip jèn ayisyen ki pataje epi genyen menm vizyon. Nou fè efò pou ba yo konpetans ak zouti pou yo ka pi byen reponn ak defi yo epi eksplwate nouvo opòtinite yo.

## Pilye Estrateji Cle Pou Jèn Yo

- 1 EVÈNMAN REJYONAL AK NASYONAL  
Konekte epi enspire jèn ki pataje menm mantalite.
- 2 Pwogram fòmasyon nan lidèchip Ba yo konpetans yo bezwen pou yo ka mennen chanjman sosyal epi fè enpak.
- 3 AKSÈ AK RESOUS POU EDE W DEKOLE  
Finansman, bousdetid, mantòchip ak asistans teknik.

## Impact

**72%** èn kòmanse yon nouvo aktivite sivik ak angajman kominotè apre yo fin patisipe nan aktivite CLE.

Tout aktivite sa yo rive touche **35,000** moun anviwon nan 7 depatman n ap egzekite pwogram nou yo.

Rebecca se yon jèn fanm k ap viv nan depatman Latibonit ki te patisipe nan **Konbit Jèn CLE** te reyalize nan lane 2015 nan Gonayiv. Sa te enspire Rebecca pou li fonde « EDSEG FEMMES », yon asosyasyon fanm ki travay pou ogmante lidèchip fanm yo ak kapasite enflyans yo nan lekòl dwa gonayiv la an 2016. EDSEG FEMMES te yonn nan pyès enpòtan nan eleksyon premye fanm ki ta pral prezidan komite etidyan nan tout istwa Lekòl Dwa Gonayiv la.

Gwoup la kontinye ap ankouraje plis jèn fanm patisipe epi gen yon vwa pi fò nan lavi inivèsite ak nan komite etidyan yo. EDSEG FEMMES ap laji travay li nan fè pledwaye pou egalite fanm ak gason, konbat vyolans ak diskriminasyon kont fanm nan tout nivo.

Rebecca patisipe nan plizyè pwogram fòmasyon sou lidèchip CLE depi lane 2015. Li patisipe nan premye boot camp lidèchip fanm CLE te fè nan mwa Fevriye 2019 la. Kounya, Rebecca ap travay pou CHES, yon patnè CLE k ap fè pwomosyon pou devlòpman antreprenarya an Ayiti.

## Reyalizasyon

Pwogram Jèn CLE a prezan nan **7 sou 10** depatman nan peyi a.

**2300** jèn angaje nan tout aktivite nou yo.

**300** jèn fòme nan pwogram sètifica lidèchip la.



**Herolandrie  
Rebecca  
Pascal**  
Artibonite



# Pwogram Sosyete Sivil Ranfòse sosyete sivil Ayisyen an

Nou konprann wòl enpòtan òganizasyon sosyete sivil lokal yo jwe antanke resous kominote yo. Malgre yo souvan di Ayiti gen « 10,000 ONG », yon chif ki pa janm valide ak ankenn done reyèl, yon eleman enpòtan nan misyon nou se ede ranfòse òganizasyon lokal yo pou yo ka pi efikas epi elaji wòl yo nan ede Ayiti avanse.

CLE konnen li pap rive akonpli rèv li yo san yon mas kritik patnè ki ap gade nan menm direksyon. Se poutèt sa, travay nou nan sektè sa a itilize esansyèlman “field-building” kòm

yon estrateji pou chanjman sosyal. Nou travay avèk patnè lokal yo pou ba yo konesans ak zouti pou yo ka pi byen satisfè bezwen kominote kote y ap travay yo.

Nan lane 2015, nou te lanse yon pwogram 2 lane sou ranfòsman kapasite ak devlòpman lidèchip, nan patenarya ak fondasyon W. K. Kellogg. Sa te pote plis konesans nan devlòpman lidèchip ak teknik pou ede òganizasyon yo amelyore kapasite yo, tankou jesyon finans ak pratik bon gouvènans.

## Pilye

- 1** PWOGRAM FÒMASYON LIDÈCHIP yo amelyore lidèchip kolektif ak fondasyon òganizasyonèl.
- 2** ASISTANS TEKNIK ranfòse kapasite nan kèk aspè enstitisyonèl (gouvènans, jesyon finans, suivi ak evalyasyon, jesyon pwojè, chèche lajan etc.) + Akonpanyeman nan sipò dirèk ranfòse aprantisaj nan fè pratik.
- 3** Aksè ak novo finasman pèmèt òganizasyon yo grandi vizyon yo.

## Enpak

**96%** patisipan yo konprann pi byen konsèp gouvènans (misyon, vizyon, estrikti ak valè).

**72%** patisipan di kapasite yo nan planifye ak jere pwojè yo amelyore.

## Reyalizasyon

18 òganizasyon debaz ki genyen antou plis pase 2000 manm te byen seleksyone epi ki fè antou plis pase 2000 manm.

10 òganizasyon te jwenn finansman atravè patenarya CLE ak "Hispanic in Philanthropy" apre pasaj siklòn Matye.

Plis pase 800 òganizasyon te angaje atravè pwogram CLE yo epi benefisyé konpetans k ape de yo bati kapasite yo CLE.

**82%** patisipan yo di lidèchip kolektif amelyore epi yo avanse nan plan estratejik yo.

**50%** òganizasyon yo di enterè ak angajman manm yo ogmante.





## Pwogram Gouvènman Lokal

# Angaje gouvènman lokal yo pou kreye enpak

Nan CLE, nou rekonèt malgre wòl enpòtan òganizasyon sosyete sivil yo jwe nan bay kèk sèvis debaz, yo paka ranplase gouvènman an. An reyalite, gouvènman an ap toujou rete sèl responsab pou reponn ak demand moun yo epi abòde gwo defi sosyete a ap fè fas.

Ofisyèl gouvènman lokal yo rankontre anpil difikilte nan wout siksè yo vle fè a. Nan tikal resous pou egzekite pwojè devlopman lokal yo, nan manke plafòm, akzouti. Mete sou tou sa, y ap fonksyone nan yon anviwònman boulvèsan kote y ap eseye ansanm ak votan yo, ki gen gwo angajman ak lidèchip nan siksè kominote a ak siksè pèsonèl yo. Pou gen yon demokrasi reprezentatif vyab ak yon ekonomi

solid k ap grandi, li enpotan pou sitwayen yo ak ofisyèl yo nan gouvènman an konprann epi jwe wòl yo.

Nou te konprann difikilte sa yo byen, se pou sa nan lane 2016, nou rekonfime angajman nou pou mete ansanm lidè gouvènman lokal yo ak tokay yo. Travay sa pèmèt yo kreye yon langaj komen, zouti ak plafòm pou reyalize enpak dirab nan inisyativ devlopman lokal yo. CLE devlope pwogram sa a nan kolaborasyon ak Patenarya pou Devlopman Lokal (PDL), yon patnè estratejik nan Nò peyi a, ak sipò Bank Entèrameriken pou Devlopman (BID).

## Pilye

- 1 RECHECH AKSYON – vidéyo, ekri ak zouti enteraktif anliy, ki montre inovasyon kominotè, patenarya gouvènmantal ak siksè yo.
- 2 PWOGRAM FÒMASYON SOU LIDÈCHIP YO ranfose konesans epi devlope yon langaj komen ant aktè prensipal yo atravè sektè yo.
- 3 EVÈNMAN REJYONAL AK NASYONAL, KONPETISYON AK AKTIVITE MEDYATIK pou fè sansiblize epi pwvoke yon kovesasyon tranfòmasyonèl sou lidèchip sosyal ak sitwayen.

## Enpak

**78%** nan patisipan yo retransmèt fòmasyon an nan pwòp kominote yo. Yo te rive touche aviwon **10,000** moun.

## Reyalizasyon

**650** lidè te fòme nan 7 komin (55% Fanm).

Plis pase **4000** moun k ap viv nan zòn sa yo te patisipe nan plizyè aktivite angajman kominotè, ladan yo 7 konferans ki te fèt sou ekonomi lokal ak ekonomis ayisen an Kesner Pharel.

**4 fim** kadetid pwodui sou siksè devlopman lokal.

Nou kreye yon kat nou mete sou entènèt ki montre siksè kèk inisyativ kominotè.

**67%** patisipan pwogram sa lanse yon nouveau inisyativ devlopman kominotè apre pwogram nan. Pami yo, 50 aktivite netwayaj, 42 nouveau aktivite mityèl, 34 inisyativ enfrastrikti ak agroekoloji ak 2 nouveau inisyativ lekòl kominotè te demare oubyen redemare.

## RECOREL – Chanje fason yon vil wè tèt li

Rekorel fonde nan kominote Lèmit, yon zòn izole epi pafwa ki gen anpil ensekirite, ki pa jwenn ase sèvis, nan depatman latibonit peyi d Ayiti. Misyon RECOREL se enspire jèn yo pou angaje yo nan bati yon demen miyò pou Lèmit.

Lidè RECOREL yo ak lidè ki soti nan gouvènman lokal yo te patisipe nan yon pwogram 5 jou fòmasyon lidèchip CLE. Apresa, òganizasyon an aplike say o te aprann nan fòmasyon an nan plizyè inisyativ edikasyon kominotè, sa ki te ogmante kantite mamm li yo a 65%.

Nan lane 2018, RECOREL, ofisyèl gouvènman lokal yo ansanm ak lòt gwoup k ap fè fas ak ensekirite nan kominote a, te itilize zouti transfòmasyon konfli yo te aprann nan pwogram CLE a, pou yo lanse yon pwosesis konsolidasyon lapè ant kominote a ak chèf gang lokal yo nan lide pou redwi vyolans k ap toumante kominote a. Gwo inisyativ sa a te rive mete yon bout nan chire pit ki te genyen nan kominote a epi ranfòse relasyon ant mamm kominote a, sa ki te diminye faktè ki lakòz konfli yo.

**RECOREL** se yon egzanp siksè nan alyans ant kominote ak gouvènman lokal. Li te demonstre potansyèl jèn yo pou yo kapab yon fòs dinamik k ap kondwi yon chanjman dirab.

## Komanse Yon Mouvman Lidèchip Nasyonal

# Ogmante done ak rezo yo fè yon enpak

Chanjman pwofon an dwe fèt nan nivo nasyonal epi sistemik. An Ayiti, manke done ak enfòmasyon fyab, epi sistèm kowòdinasyon peyi a fèb. Sa yo se gwo baryè pou inisyativ devlopman yo. Pou reponn ak difilikte sa yo, nou te kòmanse ogmante relasyon nou ak kominate yo ak moun ki te patisipe nan pwogram nou yo (yon rezo k ap grandi ak plis pase 5000 moun ak 850 òganizasyon nan 8 depatman) ki bay nou solisyon ak zouti pou ogmante done, komunikasyon ak kolaborasyon.

Anplis, n ap bati yon sistèm ak platfòm teknologik pou ogmante epi maksimize wòl nou kòm yon organizatè. Sa pèmèt nou kolekte, vizalyze epi pwopaje done enpòtan nan pwòp rezo nou, ak nan rezo patnè nou yo tou, an Ayiti kou aletranje. Nou te itilize platfòm nou pou montre vizyon ak travay lidè yo nan rezo nou an. Nou kwè apwòch sa enpòtan anpil nan bati yon nouvo lidèchip pou mouvman chanjman sosyal la.

Pa egzanp, nou itilize eCLEraj, yon ankèt chak mwa nou voye bay publik la atravè rezo nou an. Se yon mwayen pou idantifye pwoblèm enpòtan ki enterese publik la yo epi devlope estatistik ki kapab fè avanse konpreyasyon kolektif nou.

Nou devlope tou yon kat sou inisyativ siksè, espesyalman nan zòn Nò a. Zouti sa a montre siksè inisyativ lokal yo ki kapab sèvi kòm modèl pou lòt kominate. Li se yon vitrin ki bay yon pi gwo viziblite a òganizasyon lokal yo. Pandan tan sa a, pwochen pa a se rive bay kat sa a yon nivo nasyonal ak done lòt patnè nou yo. N ap travay pou fè kat sa a vin pi rich ak itil, pou l sèvi tankou yon zouti pou òganizasyon lokal yo, pou bayè yo, nan nivo nasyonal ak entènasyonal.

### Kèk done ki soti nan ankèt ecleraj yo



79% moun ki patisipe nan ankèt yo dakò ke gason gen yon devwa pou valorize fanm ak travay fanm yo epi fè pwomosyon pou patisipasyon kòm lidè an Ayiti.



50% ankete yo di sa ki fè jèn yo plis enterese pati kite peyi a, se posiblite yo jwenn pou fè lajan pou ede fanmi yo.



ankete yo kwè mank aksè ak lajan se pigwo obstak pou jèn yo kreye biznis an Ayiti.

## Chanpyon Lakay

# Mete aksan sou jèn lidè nan yon platfòm nasyonal



2 nan priyorate prensipal CLE se ogmante pwofil jèn yo nan pwogram nou yo epi angaje yon piblik ki pi laj nan travay nou an.

Pou sa ka fèt, nan lane 2018, CLE angaje yon gwo pati nan rezo li a nan tout peyi pou sipòte lansman premye edisyon konpetisyon "Chanpyon Lakay" ki idantifye epi montre jèn lidè, antreprenè ak inovan yo.

Konpetisyon sa a te fèt nan tout peyi a. Nou resevwa plis pase 100 aplikasyon, pami yo genyen 10 ki te seleksyoné. Finalis yo pase yon mwa ap fè kanpay, plis pase 30,000 moun te vote pou chwazi pi bon inisyativ yo. 5 Chanpyon yo (moun ki fè plis vòt yo) te deklare Chanpyon Lakay 2019 epi resevwa

yon sibvansyon gras ak sipò Fondasyon Dijisel ak yon bous detid entènasyonal pou yon pwogram lidèchip nan Coady nan peyi Kanada.

Katerine Vital, se yon agwonòm epi fondatè "Katrina Biznis konpòs" (KCB). Se li ki te loreya pam 5 chanpyon yo. KCB te kreye pou resikle dechè pou fè angrè òganik nan lide pou ede ti kiltivatè yo ogmante rannman yo a 30% sou senk lane. Kòm rezulta viziblite chanpyon lakay bay Katerine, li te rive atire atansyon Ministè anviwònman ki te kontakte li epi gade kouman yo kapab sipòte travay li.

Nan mwa novanm menm ane sa a, Katerine te fè fòmasyon sou lidèchip pou manm nan òganizasyon li a nan lide pou amelyore pwofesyonalis, lidèchip ak konesans yo nan devlopman agrikòl pou yon pi bon aterisaj misyon KCB.

Malgre difikilte peyi Dayiti ap viv kounye a, jèn ajan chanjman sa yo ap konstri yon nouvo wout pou pwogrè an Ayiti atravè angajman enkondisyonèl yo nan inovasyon, kolaborasyon ak enpak.

Divès kalite pwogram devlopman lidèchip CLE, n ap travay pou sipòte lidè sa yo, paske nou kwè anpil yon envestisman nan vizyon yo se yon envestisman nan yon pi bèle ak yon bon lavni pou Ayiti.

## Pwogram Lidèchip Fanm

# Sipòte fanm lidè nan tout sektè yo

An Ayiti, yo konsidere fanm tankou kolòn vêtebral sosyete. Yo rele yo "poto mitan", epoutan, lide egalite ant fanm ak gason an pa egziste pou pifò nan yo.

Menm si gen anpil efò ki fèt pou pèmèt plis fanm ak tifi gen aksè ak edikasyon, lasante ak travay an Ayiti, yo toujou ap fè fas ak gwo inegalite, epi yo manke jwenn opòtinite.

52% se kantite fanm ki estime k ap viv nan popilasyon peyi Dayiti. Men yo toujou manke reprezante nan wòl kote y ap pran desizyon yo – sosyal, politik ak ekonomik. Malgré jefò k ap fèt tankou nan konstitisyon amande 1987 la ki di fanm yo dwe reprezante a pou pi piti 30% nan palman an. Nan palman an, gen sèlman 3% fanm, epi gen sèlman 13% fanm nan gwo pòs politik yo nan tout peyi a.

Nan CLE, nou pran angajman pou travay pou fanm yo jwe yon wòl egal nan sosyete a epi sipòte ogmantasyon reprezantasyon yo nan pozisyon lidèchip yo. Nou pran angajman nan manda nou pou n toujou chache egalite ant fanm ak gason nan tout aktivite nou yo.,

Nan lane 2018, nou lanse "Koze Fanm", yon seri evennman fanm ki bay opòtinite pou yon pigran deba ak diskisyon ant ekspè ak tokay yo.

Byen bonè nan lane 2020 an, an patenarya ak Coady Entènasyonal Enstiti ak 5 lòt peyi patnè an Afrik ak Azi, nou pral lanse yon pwogram « felochip » pandan 5 lane pou fanm. Pwogram sa a pral seleksyon, fòme epi sipòte lidè fanm k ap grandi yo, espesyalman nan sektè antreprenarya tout kote nan peyi a.



*"Fòmasyon CLE a te aprann mwen kijan pou motive epi mete ansanm plis fanm pou chèche konnen ak konprann epi eksplore ak esplwate resous yo. Mwen kwè nou twò rich pou n ap mande lacharite. Nou dwe reyalize se nou menm sèlman ki kapab ede pwòp tèt nou."*

— Emaude Dumas,  
Patisipan nan Pwogram pou Gouvènman lokal,  
Nan Piyon

## Pwogram Sektè Prive

# Devlope lidèchip pou sektè prive ak antreprenè

Nou kwè pi bon fason pou konbat tounen anwon lamizè a se pou kwape defi ki nan lidèchip pou inovasyon ak chanjman sosyal pandan n ap konsantre sou kwasans ekonomik – espesyalman, antreprenarya ak kreye travay.

Menm jan ak anpil lòt peyi, motè kreyasyon djòb yo se nan ti biznis ak mwayen antrepwiz (PMEs) yo ye. Sektè sa a enpotan anpil pou ekonomi ayisyen an, lew konsidere bezwen kwasans ekonomik ak kesyon ekite.

Malerezman, anpil nan antreprenè yo pa ekiye ase pour kontrekare difikilte ki genyen nan eksplwatasyon yon biznis.

Anplis de sa, yon etid resan Bank Mondyal pwouve pwogram fòmasyon Antreprenarya ki konsantre sou inisyativ pèsonèl ak chanjman mantalite ak lidèchip te montre genyen yon ogmantasyon 30% nan pwofi yo, alòske pwogram fòmasyon teknik yo fè 11% sèlman.

An 2019, CLE te lanse yon pwogram sektè prive pou sipòte siksè antreprenè yo, ki pa ta dwe sèlman panse sou pwodwi oswa sèvis y ap ofri, men tou sou tout lòt aspè ki nan jere yon biznis.

## Mentorship Entènasyonal kote youn ap apran de lòt

Ane sa a, nou pral lanse yon nouvo patenarya avèk "Gerard Schwartz School of Business" pou fè yon aktivite mantora ant etidyan ki ap fè mastè yo nan invèsite a ak jèn antreprenè Ayisyen.



2010 pou 2019

# Kèk detay

Pandan 10 dènye ane yo, nou te gen opòtinite pou travay avèk patisipan ak òganizasyon nan 8 sou 10 deputman nan peyi Ayiti. Nou aprann anpil lesyon. Genyen ladan yo nou aprann yo nan erè nou te komèt. Gen lòt nou aprann nan siksè travay n ap fè ak òganizasyon kominotè yo toupatou nan peyi. Men 5 pam i lesyon ki pi enpòtan nou aprann yo, nou pral kontinye mete an pratik pandan dis lane k ap vini yo :

**Rete fokis** : Defi yo an Ayiti te anpil, difisil pou leve epi byen anrasinen. Nou konnen epi rekonèt travay sa a pa pou jodi ni demen, epi si n ap eseye jwenn solisyon rapid, sa ka lage nou nan gwo desepsyon. Kidonk, n ap rete fokis..

**Rete pratik**: Lidèchip pa egziste poukонт li. Se pou sa nou bay tèt nou obligasyon pou kreye epi ofri pwogram pou sipòte patisipan yo yon fason efikas nan lide pou chanjman lidèchip reyèl la pran rasin.

**Pran swen relasyon yo**: Kreye espas pou ranfòse lyen yo enpotan anpil epi yo bay bon rezulta nan yon ti tan byen rapid, epi pafwa menm pou anpil tan k ap vini. Se yon obligasyon pou kreye aktivite sa yo nan tout rejyon yo, sektè ak gwoup sosyo-ekonomik yo, paske yo enpotan.

**Kreye patenarya**: Pa gen yon sèl òganizasyon oswa yon moun ki ka pote gwo chanjman anpwofondè sa n ap chèche a. Nou dwe devlope epi ogmante patenarya nan kominote yo pou rive jwenn yon pi gwo enpak.

**Ekspoze solisyon ak siksè ayisyen yo**: Istwa konvenkan ak echanj fas a fas (konsèy yonn ak lòt epi ak ekspè) ak lidè ayisyen eksepsyonèl yo, endispansab nan pèmèt lidè yo simonte anpil obstak sou wout siksè yo.

2020 pou 2030

# Pèspektiv

Pandan n ap gade pwochen dis lane yo, nou vle vize kèk objektif enpòtan:

- Ranfòse yon rezo lidèchip nasyonal nan tout 10 deputman yo
- Ede òganizasyon yo jwenn finansman
- Elaji pwogram ak espas ki fèt pou fanm
- Ogmante sèvis n ap bay jèn yo ak antreprenè yo
- Enstitisyonalize konsèy entè-jenerasyonèl atravè pwogram ak evènman
- Elaji epi ranfòse pwogram "enkibasyon ak akselerasyon" pou sila yo ki pi avanse nan rezo a pou ede lidè yo fè dènye pa a, epi atenn objektif yo.



# Finans


Rapò odit konsolide sou aktivite CLE pou de dènye ane fiskal yo

(Ane fiskal ki fini 30 Septanm 2018, ak 30 Septanm 2019)

## 2018/2019

### Revni

Balans ane anvan an	\$253,514
Sibvansyon	\$206,535
Sevis nou bay	\$39,792
Lòt sipò ki pa lajan	\$5,400
<b>Total</b>	<b>\$505,240</b>



### Depans

Depans nan pwogram	\$401,100
Depans operasyon	\$59,446
<b>Total</b>	<b>\$463,512</b>
<b>Balans</b>	<b>\$41,729</b>

87%  
Depans nan  
pwogram

## 2017/2018

### Revni

Balans ane anvan an	\$182,680
Sibvansyon	\$554,490
Sevis nou bay	\$26,680
Lòt sipò ki pa lajan	\$2,000
<b>Total</b>	<b>\$765,850</b>

10%  
Depans nan  
operasyon

### Depans

Depans nan pwogram	\$461,103
Depans operasyon	\$51,234
<b>Total</b>	<b>\$512,336</b>
<b>Balans</b>	<b>\$253,514</b>

90%  
Depans nan  
pwogram

# Patnè



McKenna  
Foundation



Digicel



Frank McKenna  
Center for Leadership



KHELP



## Konsèy



MARYSE PÉNETTE-KEDAR, *Fondatè ak Prezidant*  
MAGALIE NOEL DRESSE, *Fondatè ak Ko Prezidant*  
NORMA POWELL, *Fondatè ak Vis Prezidan*  
LOUNE VIAUD, *Fondatè ak Vis Prezidan*  
JOSEPH GUERDY LISSADE, *Sekretè*

JOHNNY CELESTIN, *Direktè Egzekitif*

LUCÍA DI POI, *Direktè Egzekitif Adjwen*

MAX-PROSPER FORTUNA, *Kòdonatè Suivi ak Evalyasyon*

MEEM SHOOMEATOVE VINCENT, *Responsab Kominikasyon*

PAULINX LOUIS, *Kòdonatè Pwogram Jèn*

CHRISTOPHIA JOSPITRE IRA, *Kòdonatè finans ak kontabilite*

MYRLENE MATHURIN, *Asistan Pwogram Jèn*

ASSUNTHA FLEURANT, *Asistan Suivi ak Evalyasyon*


JEAN-SONY DOIRIN, *Asistan finans ak Kontabilite*

JEAN-EDDY JEAN JULES, *Lojistik*



## Ekip





9, Angle rues Stella et  
Annouald, à l'étage  
Delmas 41, Haïti



+509 2816-2324  
info@clehaiti.org  
[www.cle-haiti.org](http://www.cle-haiti.org)

# Centre Haïtien du Leadership et de l'Excellence